

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra miboga fungsi *Dulce et utile* nyaéta pikeun ngahibur jeung méré mangpaat pikeun manusa (Teuww, 2015, kc. 5) Mangpaat sastra lain ngan pikeun jalma nu geus sawawa, tapi pikeun barudak ogé kawilang penting sangkan barudak bisa nyangking pangalaman nu anyar. Di dunya kasusastraan Sunda, réa pisan karya sastra barudak. Sangkan karya sastrana tuluy progrésif, ngaliwatan Yayasan Kabudayaan Rancagé tiap taunna ngayakeun Hadiah Samsodi, nyaéta hadiah pikeun karya sastra barudak nu kawilang nyongcolang. Dina taun 2019 karya sastrra barudak nu dilélér Hadiah Samsodi nyaéta novelét *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati, pedalan Pustaka Jaya (www.perpusnas.go.id).

Dumasar kana tinimbangan, novelét *Pohaci Nawang Wulan* dijadikeun bahan panalungtikan téh lantaran eusina alus, luyu jeung kahirupan barudak. Salian ti éta dina ieu novelét euyeub ku ajén kamanusaan anu bisa ditulad ku barudak. Méré pesen atikan pikeun barudak ngaliwatan carita nu réalistic ngeunaan kahirupan sapopoé. Lian ti éta, novelét *Pohaci Nawang Wulan* téh novelét nu dilélér hadiah Samsodi, ku kituna perlu diayakeun aprésiasi pikeun ieu karya sastra.

Dina ieu novelét pangarang nyiptakeun hiji budak awéwé salaku tokoh utama, tur dijadikeun ngaran judul nyaéta *Pohaci Nawang Wulan*. Éta budak awéwé anu umurna sabelas taun téh nénéhna Cici. Ngaran judul jeung karakter tokoh utama dina ieu novelét memang saluyu jeung ngaranna. Ngaran Pohaci nu saupama diimpleng ngagambarkeun budak awéwé nu geulis, nyari, tur pikaresepeun, kagambar pisan dina ieu tokoh.

Di tatar Sunda ngaran *Pohaci Nawang Wulan* geus teu ahéng deui, éta hal saluyu jeung kapercayaan masarakat Sunda nu nganggap mitos Nyi Pohaci mangrupa maniféstasi nu kalintang pentingna dina tumuwuh suburna paré. Paré diréfréséntasikeun jadi hal anu suci jeung penting pikeun kahirupan. Anapon Nawang Wulan nyaéta jenenganna pramésuari Prabu Siliwangi nu sok ngasakan paré jadi sangu. Éta hal ngeunaan Nyi Pohaci jeung Nawang Wulan téh dicaritakeun dina *Wawacan Sulanjana* (Ruhaliah, 2004, kc. 7).

Patali jeung ngaran Pohaci anu digambarkeun dina éta novelét miboga sikep anu hadé, éta hal saenyana patukang tonggong pisan jeung sikep barudak jaman kiwari. Barudak jaman kiwari teu pati maliré kana kautamaan sikep atawa moral. Padahal sikep atawa moral téh mangrupa hal dasar pisan dina kahirupan geusan nyangking kasampurnaan hirup. Ku kituna atikan moral jeung karakter geus sawadina jadi hal anu diutamakeun di unggal sakola. Nurutkeun Bahri (2015) pangajaran kudu suméndér kana kamekaran *soft skill* (interaksi sosial) sabab ieu hal penting pikeun ngawangun karakter, étika, moral, jeung interaksi di masarakat.

Kiwari héngkérna moral jeung karakter di kalangan barudak téh geus jadi hal anu teu ahéng deui saupama dipadungdengkeun. Réa cara pikeun ngabebenah éta pasualan, anu utamana sangkan bisa jadi pedoman keur kolot dina ngadidik jeung ngatik barudakna. Salah sahijina nyaéta ku karya sastra. Ieu hal saluyu jeung hakékat sastra nu mibanda sipat éndah, sarta bisa nétéla kasugemaan ka nu macana. Di sagigireun ti éta, karya sastra ogé ngandung maksud nu nyumput di satukangeunnana. Éta maksud téh eusina bisa waé ngeunaan étika, moral atawa atikan karakter.

Isnendes jeung Ucu (2013, kc. 92) nétélakeun yén sifat, sikep, karakter, jeung kapribadian ngahiji dina moralitas kapribadian masarakat Sunda, sakumaha sawangan para ahli nu ngagambarkeun dina karya sastra. Masarakat Sunda nu resep nulungan, saayana, toléran, surti, taat kana agama, gedé wawanén, tanggung jawab, soméah, resep banyol najan kalan neuteuli, pundungan, jeung agrésif, éta hal bisa diréfléksikeun ku karya sastra.

Nurutkeun Lickona (dina Wibowo, 2012 kc.32) karakter mangrupa pasipatan alami hiji jalma dina ngaréspon hiji kaayaan sacara *bermoral*. Éta pasipatan alami téh ngawujud dina paripolah nu hadé, jujur, tanggung jawab, ngajénan ka nu lian, jeung karakter mulia nu lianna. Lickona ogé negeskeun yén aya tilu hal dina atikan karakter téh nyaéta *knowing, loving, and acting the good*. Hasilna atikan karakter dimimitian tina pamahaman ngeunaan karakter nu hadé, mikacinta, satuluyna larapna dina éta karakter anu hadé.

Kementrian Pendidikan Nasional nétélakeun yén aya 18 ajén-ajén karakter. Éta ajén-ajén karakter téh nyaéta: 1) *religius*; 2) *jujur*; 3) *toleransi*; 4) *disiplin*; 5)

kerja keras; 6) kreatif; 7) mandiri; 8) demokratis; 9) rasa ingin tahu; 10) semangat kebangsaan; 11) mencintai tanah air; 12) menghargai prestasi; 13) bersahabat/komunikatif; 14) cinta damai; 15) gemar membaca; 16) peduli lingkungan; 17) peduli sosial; dan 18) tanggung jawab (Listyarti, 2012, kc. 5-8, Isnendes, 2013, kc. 89).

Karya sastra diciptakeun ku pangarang lain ngan ngandelkeun bakat ogé kamahéran dina ékspresi, tapi leuwih ti éta. Pangarang ngalahirkeun karya sastra sabab miboga visi, aspirasi, jeung itikad hadé nepi ka éta karya sastra téh dihasilkeun tur miboga ajén nu luhur. Ayana unsur-unsur kamanusaan kayaning ajén sosial jeung ajén moral dina carita bisa dijadikeun tetekon pikeun kolotna dina numuwuhkeun ogé ngajaga karakter anu hadé pikeun anakna (Sari, 2018, kc. 2). Karakter dina karya sastra téh bakal katitén tina tokoh-tokoh anu dihirupkeun ku pangarang dina carita, ngaliwatan psikologis tiap tokoh.

Psikologi jeung sastra lain hiji hal nu anyar, sabab tokoh-tokoh dina karya sastra kudu dihirupkeun, dibéré jiwa nu bisa dipertanggungjawabkeun sacara psikologi. Pangarang sacara sadar atawa henteu ngasupkeun jiwa manusa kana karyana. Éta hal bakal katitén tina diri tokoh nu aya dina carita.

Anapon kitu deui nalika nganalisis sastra anak, Jean Peaget (Piaget, 2010, kc. 20) ngabagi perkembangan kognitif barudak jadi opat, nyaéta 1) sensorimotor; 2) pra-operasional; 3) operasional konkret; jeung 4) operasional formal. Dina ieu panalungtikan anu dipaké pikeun analisis nyaeta: oprasional formal.

Tapi anu perlu dicatet, karya sastra anu saperti kumaha anu perlu jeung luyu pikeun bacaeun barudak? Tangtu ieu jadi tinimbangan pikeun guru atawa kolot pikeun milih jeung nyaluyukeun antara carita jeung umur budak. Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan téh bakal museur kana karya sastra pikeun barudak, dina ieu hal *sastra anak*.

Nurutkeun Lukens (Nurgiyantoro, 2013, kc. 3) *sastra anak* téh sakurang-kurangna ngandung dua hal anu utama nyaéta kasugemaan jeung pangaweruh. Sastra aya minangka alat hiburan nu midangkeun carita nu ngirut, ramé pikaresepeun, tur éndah, nepi ka sastra mampuh ngulinkeun *fantasi* barudak. Di sagigireun ti éta, ku sabab sastra salawasna madungdengkeun pasualan kahirupan, ku kituna sastra ogé bisa méré pangaweruh nu hadé pikeun kahirupan nu maca.

Kaweruh ngeunaan kahirupan balukar tina ayana éksplorasi kana unggal kahirupan, rasiah kahirupan, tur sagala jenis karakter manusa nu dipedar na jero karya sastra.

Sastra anak tangtu nyoko kana carita anu aya korélasina jeung kahirupan barudak. Ditilik tina basana, *sastra anak* kudu ngagunakeun basa nu luyu jeung kamekaran inteléktual katut émosional barudak. Watesan *sastra anak* ukur aya dina karyana, ari pangarangna jeung nu macana mah bisa baé jalma sawawa. Malah mandar jalma sawawa kudu ngosongkeun waktuna pikeun maca *sastra anak*, tujuanna sangkan jalma sawawa weruh jeung nyangkem kana dunya barudak, ogé bisa milihkeun karya sastra nu hadé pikeun barudak (Kurniawan, 2009, kc. 22). Anapon anu bakal dijadikeun objék panalungtikan dina *sastra anak* téh nyaéta novelét.

Novel mangrupa prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompléks). Ku kituna, novel mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, kajadian, laluasa ngagambarkeun latar, jeung teleb ngahirupkeun karakteristik tokoh (Isnendes, 2010, kc. 39).

Disawang tina pamacana, novel dina sastra Sunda bisa dipasing-pasing jadi tilu rupa, nyaéta: 1) novel barudak; 2) novel rumaja; jeung 3) novel déwasa. Nilik kana papasingan novel, objék nu rék ditalungtik téh nyaéta novelét barudak.

Novel tangtuna miboga struktur atawa unsur-unsur anu ngawangunna, anu bakal ngajadikeun éta novel jadi hiji karangan anu miboga maksud. Stanton (2012, kc. 22) ngabagi struktur jadi tilu unsur: téma, fakta carita (galur jeung plot, tokoh jeung penokohan, katut latar), jeung sarana carita (puseur carita jeung gaya basa, kaasup nétéla judul).

Sakumaha anu geus ditegeskeun yén karya sastra téh mangrupa sarana atawa média nu ngagambarkeun rupa-rupa hal anu aya dina pikiran pangarang. Upama pangarang rék nepikeun ajén-ajén karakter dina karyana, data-data atawa informasi nu diébréhkeun asalna bisa ti jalma lian atawa pangalamanana sorangan. Ngaliwatan tokoh-tokoh jeung unsur séjénna, pamaca dipiharep bisa ngangkat hikmah tina amanat ti éta carita. Pangarang ngusahakeun sangkan nu maca mampu nyangking éta ajén-ajén tur bisa ngalarapkeunna dina kahirupan nu saenyana.

Saluyu jeung nu geus ditegeskeun yén dina karya sastra téh nyangkaruk rupaning ajén-ajén kahirupan. Sarta nu disebut novel *sastra anak* téh nyaéta novel nu ngandung picontoeun pikeun nu macana (barudak). Ku kituna novel nu ngandung ajén-ajén atikan karakter téh mangrupa novel anu hadé tur pantes pikeun jadi bahan bacaan barudak.

Pakait jeung panalungtikan nu geus dilaksanakeun, can aya nu kungsi nalungtik novelét *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati. Anapon panalungtikan ngeunaan novelét barudak, ajén atikan karakter jeung psikoanalisis geus aya nu nalungtik di antarana waé ditataan kieu.

Aya sababaraha karya ilmiah dina wangun skripsi anu ngaguar ngeunaan novel barudak, atikan karakter jeung psikoanalisis di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda (DPBS) UPI di antarana: (1) "Ajén Moral jeung Psikologi Perkembangan Rumaja dina Novelét *Jamparing* Karya Chyé Rétyy Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP Kelas IX" ku Indah Purnama Cahyani taun 2013. (2) "Kumpulan Dongéng *Sasakala Talaga Warna* pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP (Tilikan Struktural jeung Pendidikan Karakter) ku Evi Rahmawati taun 2014; (3) "Ajén Atikan Karakter dina Novel *Carita Budak Minggat* Karya Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)" ku Nisa Nurazizah taun 2016; (4) "Ajén Atikan Karakter dina Novel *Putri Subanglarang* Karya Yoseph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulikan Struktural)" ku Citra Sela taun 2019. Aya Tésis ti Wanty Aprilliyanti (Tésis) nu judulna "Struktur Carita jeung Ajén Karakter Tokoh dina Buku-buku Sastra anu Dilélér Hadiah Samsudi pikeun Bahan Atikan Karakter di Sakola jeung *Program Gerakan Literasi Sekolah (GLS)*" taun 2019. Aya ogé panalungtikan dina bahasa Indonesia nu ditalungtik ku Sinta Dewi Candrawulandari (Skripsi) dijudulan "Kajian Psikologi Sastra dan Nilai Pendidikan Karakter dalam Novel *Genduk* Karya Sundari Mardjuki Serta Relevansinya dengan Materi Pembelajaran Sastra di SMA" taun 2017. Lian ti Skripsi jeung Tésis aya Disertasi ti Rétyy Isnéndés nu judulna "Struktur dan Fungsi Upacara *Ngalaksa* di Kecamatan Rancakalong Kabupaten Sumedang dalam Perspektif Pendidikan Karakter" taun 2013.

Sanajan geus aya panalungtikan nu medar ngeunaan struktur, ajén atikan karakter jeung psikologi sastra atawa psikoanalisis, tapi katitén tina sababaraha hasil panalungtikan nu geus aya, can aya nu husus medar ngeunaan ajén atikan karakter tur dideudeulan ku pedaran psikologi perkembangan. Lian ti éta dina ieu panalungtikan, nu jadi objék panalungtikanna téh mangrupa novelét anu euyeub ku ajén-ajén atikan karakter. Ieu novelét gé medal dina taun 2018, tur can aya nu nalungtik sacara akademis. Ku kituna ieu panalungtikan nu dijudulan “Ajén Atikan Karakter dina Novelét Barudak *Pohaci Nawang Wulan* Karya Ai Rohmawati (Ulukan Struktural & Psikologi Perkembangan)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang anu geus diébréhkeun saméméhna, sangkan panalungtikan teu lega teuing ambahanna sarta bisa leuwih museur, perlu dijieun rumusan masalahana. Ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan analisis struktur, karakteristik tokoh dumasar kana pamarekan psikologi perkembangan sarta ajén atikan karakter anu nyangkaruk dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati. Ku kituna rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti kieu.

- 1) Kumaha struktur carita (téma, fakta carita, sarana carita) nu nyampak dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati?
- 2) Kumaha karakteristik tokoh dumasar kana pamarekan psikologi perkembangan dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati?
- 3) Ajén atikan karakter naon wae nu nyampak dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati?

1.3 Tujuan panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga tujuan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur carita, karakteristik tokoh dumasar pamarekan psikologi perkembangan jeung ajén atikan karakter nu aya dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) struktur carita (téma, fakta carita, sarana carita) nu nyampak dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati;
- 2) karakteristik tokoh dumasar kana pamarekan psikologi perkembangan dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati;
- 3) ajén atikan karakter nu aya dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung tujuan, ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangpaatna boh mangpaat téoritis boh praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, panalungtikan ieu dipiharep bisa nambahan élmu pangawéruh nu macana, sarta jadi salah sahiji *referensi* pikeun kaperluan-kaperluan anu aya pakaitna jeung panalungtikan ngeunaan analisis Ajén Atikan Karakter dina Novelét Barudak *Pohaci Nawang Wulan* Karya Ai Rohmawati (Ulukan Struktural jeung Psikologi Perkembangan).

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat pikeun masarakat, di antarana:

- 1) pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan struktural, ajén atikan karakter jeung psikologi perkembangan;
- 2) pikeun kajembaran élmu sastra, jadi sumber référénsi mahasiswa basa jeung sastra, jeung akademisi sastra dina nalungtik sastra Sunda;
- 3) pikeun masarakat, bisa dijadikeun pangaweruh tur méré informasi yén saenyana saban karya sastra mangrupa hasil tina ngolah carita ti masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab sakumaha anu dipedar kieu.

BAB I BUBUKA

Ieu bab eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu di bagi jadi tujuan umum jeung

tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

BAB II ULIKAN TIORI, PANALUNGTIKAN SAMÉMÉHNA, JEUNG RARAGA MIKIR

Ieu bab eusina medar ngeunaan ulikan tiori atawa landasan tioritis pikeun masalah anu dijieun objék panalungtikan, eusina ngajelaskeun tiori-tiori nu luyu dipaké dina panalungtikan sacara déskriptif, saperti novél, strukturalisme, psikologi perkembangan, jeung ajén atikan karakter. Lian ti éta, ieu bab eusina medar ngeunaan panalungtikan saméméhna nu geus dilakonan jeung raraga mikir.

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Ieu bab eusina medar ngeunaan bagian métode panalungtikan nu ngajelaskeun prosédur panalungtikan, ti mimiti tiori anu dipaké, informasi ngeunaan objék anu ditalungtik, desain panalungtikan, data jeung sumber data, tahapan ngumpulkeun sarta analisis data.

BAB IV HASIL JEUNG PEDARAN

Ieu bab eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung analisis panalungtikan nu pakait jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan sarta tiori-tiori anu aya dina bab II ku cara ngadéskripsikeun sacara proposional.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Ieu bab eusina mangrupa kacindekan, implikasi jeung saran tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.